# पाठ ६६

1. निस्तार चाडके समयमे यिशुके येहुदियनसब काहे ना पडकेके चाही ?
   - अगर ऊ लोग चाडके समयमे यिशुके पक्रले त आदमीसब दंगा भड्कावेला कहके ऊ लोग डरागेल ।
2. का येहुदाके ऊ आपनके पापमे जनमल रहे आ ओकराके उद्धारकर्ताके रूपमे यशु चाहेला कहके थाहा रहे ?
   - ना ।
3. यिशुके धोका दिए निर्णय करेलासे यहुदा केकरा उत्तेजित बनावल ?
   - शैतान ।
4. शैतान काहे यहुदा यिशुके धोखा देवेलन कहके चाहनी ?
   - काहेकि शैतान यिशुके घृणा करेला ।
5. शैतान यिशुके काहे घृणा करेला ?
   - काहेकि यिशु परमेश्वर बारन ।
   - काहेकि यिशु सत्य बोलेला ।
6. शैतान काहे यहुदी अगुवासब यिशुके हत्या करदेलन कहके चाहेला ?
   - शैतान यहुदी अगुवासबके यिशु के हत्या करदेलन ता कि यिशु हमनीके ना बचासकेला कहके चाहेला ।

- शैतान यहुदी अगुवासबके यिशुके हत्या करदेलन ताकि यिशु पाप आ मृत्युके शक्ति विनास ना कर सकेला कहके चाहेला ।
- शैतान यहुदी अगुवासबके यिशुके ना मारो ता कि यिशु शैतानके शक्ति विनाश ना कर सकेला कहके चाहेला ।

7. उद्धारकर्ता के कउनो धोखा दिएला कहके नवीसब कहल रहे ?
   - एगो नजदिकके दोस्त ।
8. यिशुके केतना पैसामे धोखा दअल ?
   - ३० चाँदीके सिक्कामे ।
9. यिहुदा वहांके धोखा दिएवाला रहे कहके यिशुके कैसे मालुम पडलन स ?
   - काहेकि यिशु परमेशेवर बा आ वहांके थाहा ना होवेला कउनो बात नइखे ।
   - यिशु थाहा ना होवेवाला कउनो बात भि नइखे ।
10. रोटी कइसन यिशुके शरीरके प्रतीक हो सकेला ?
    - जइसन रोटी भंचलन स वइसने यिशुके शरीर भि दुष्ट आदमीसबद्वारा भंचलन वाला रहे ।
11. ऊ मदिरा कइसन यिशुके खुनके प्रतीक हो सकेला ?
    - जइसन मदिरा पिएलाके निमित्त खन्याइल रहे वइसने यिशुके खुन भि खन्याएवाला रहे ।

12. केकराके निमित्त वहांके खुन खन्याएवाला रहे कहके यिशु कहलन ?

- यिशु कहलन वहांके खुन बहुत आदमीके निमित्त खन्याएवाला रहे ।

- यिशु अउर वहाँके चेलन लोग जरुसलेम छोडके गइलाके बाद ऊ लोग वलिभ पहाडमे रहेवाला गेतसमनी बागमे गइल ।

मर्कुस १४:३२-३६ पढलजाइ

फेर ऊ लोग गेतसमनी नामके एगो जगामे अइले । अउर यिशु अपना चेलन से कहलन । यहां बइठल रहेलु जबतक हम प्रर्थाना कगरी । यित्र पतरस याकुब अउर युहन्नाके साथे लेकेर गइलन अउर बहुत बेचइन अउर व्याकुल होखे लगलन । अउर यिशु व लोगसे कहलन । हमार मन बहुत दुखी बा । यहा तकले कि हम मरेहो बानी तु लोग यहाँ ठहर जा अउर जागत रह जा । युश तनिसा आगे बढे लगलन अउर जमिने पे गिरके प्रार्थना करे लगलन । यदि हो सके त यि घडी हमरा पर से टल जावो । हे वाप निरउवा से सब कुछ हो सकेला । ए कटोदाके हमरा लगेसे हटा ली । पर जइसह हम चाहतनी व ना पर जइसन निरउवा चाहतनी वइसन हो खे ।

- गतसमनी बागमे यिशु प्रार्थना करल काहेकि ऊ गहरा शोकमे डुबल रहे ।

1. यिशु काहे गहरा शोकमे पडल रहे ?

- काहेकि यिशु वहांके बहुत सतावट सहेलाके परी कहके थाहा रहे ।
- काहेकि यिशुके आपन सामने आएवाला सतावट अभिन तक दोसर कउनो पाएवाला सतावटसे ज्यादा कठिन बा कहके थाहा रहे ।
- यद्यपि यिशु पूर्ण परमेश्वर बारन बाकी वहां पूर्ण मानव भि बारन ।
- वहां सामने आएवाला कठिन अवस्थाके सामना करेलाके यिशुके निमित्त कठिन होवेवाला रहे ।

मर्कुस १४:३७-४२ पढलजाइ

फेरि यिशु आइलन अउर व लोगके सुतल देखेके पत्ररस कहलन । हे समोन तु सुतल बाड । का तु ए गो घडी ना जाग सकल । जागत रह अउर प्रार्थना करत रह । कि तु परीक्षामे मत पड आत्मा त तैयार बा पर शरीर कमजोर बा । अउर ऊ फेर चल गइलन अउर उहे बात कहके प्रार्थना कइलन । अउर फेर आके ऊ लोगके सुतल देखलन । काहे कि ऊ लोगके आंख निदसे भरल रहे । ना जानत रहे लु कि उनकराके का जवाफ दि । फिर तिसरका बेरके आके ऊ लोगसे कहलन । सुलत रहलु अउर आराम करलु । बस् घडी आ पहुचल बा । देख जा हम पापीयके हाथे पकडजावल बानी

। उठ जा चललल जा । देखलो हमराके पकडावेवाला नजदिक आ पहुचलन स ।

- यिशु गतसमनी बागमे प्रार्थना कइलाके बाद तरवारसहितके लोगके भीड वहां आइल ।

मर्कुस १४:४३-४६ पढलजाइ

यिशु ए कहते रहेले यहुदा जउन १२ चेलामेसे एगो रहे अपना साथे महा याजक पुरनिया साथे ओरिसे एगो बड भिड तलवार अउर लाठी लेले आ पहुचल । अउर उनकाके पकडावेलावा व लोगके हि बतादलरहे । जकेराके हम चुम्मा लेइ उहे हवन । ओकराके पकडके ठीकसे लेजइहेलु । ऊ आइल अउर तुरुन्तै यिशुके लगे जाके कहलस । हे गुरु । अउर उनकराके चुमलस् । तब व लोग यिशुके पकड ले लिहले ।

2. तरबार आ हाथहथियार लिएवाला लोग के अगुवाइ कउन करतरनी ?
   - यहुदा ।
3. यहुदा आ आदमीसबके भिड काहे आइल ?
   - यिशुके पक्रेलाके खातिर ।
4. यिशुके पक्रेलाके यहुदाके कउन उक्साइल रहेला ?
   - शैतान ।
5. शैतान आज ककराके अगवाइ करत रनी ?

- ऊ सब आदमीसबके जउन परमेश्वरके विरुद्धमे पाप ना करेला कहके विश्वास करतरनी ऊ सबके शैतान अगुवाइ करेला ।
- ऊ सब आदमीसब जेकरा पापके दण्ड परमेश्वर ना दिएला कहके ठानल ओकुनीसबके सैतान अगुवाइ करेला ।
- ऊ सब आदमीसब जेकरा आपन खुदके बचा सकेला कहके ठानलन ओकुनीसबके शैतान अगुवाइ करेला ।
- ऊ सब आदमीसब जेकरा परमेश्वरके वचन सुनेके इन्कार करेला ओकुनीसबके सैतान अगुवाइ करेला ।
- ऊ सब आदमीसब जेकरा यिशुके उद्धारकर्ता प्रभु कहके मानेलाके इन्कार करेला ऊ सबके सैतान अगुवाइ करेला ।

6. यिहुदाके कइसन यिशुके धोखा दिअल ?
   - इशुके चुम्बन करके ।
   - जब यिहुदा यिशुके चुम्बन कइल आ आदमीसब यिशके घरलन  आ वहांके पक्राउ करलन ।

मर्कुस १४:४७-४९ पढलजाइ

व लोगमेसे जिन लगे खडा रहे एगो तलबार खिचके महायाजकके नोकर पर चलवलन अउर ओकरा कान उडा देहलन । यिशु व लोगसे कहलन । का तु लोग डकैत जानके

हमरा के पकडा खातिर तलवार अउर लाठी ले के निकल बाड जा । हम त मन्दिर मे हरके दिन तोहन लोगके साथै रहके उपदेश करले अउर तु लोग हमराके ना पकड ल । बाकी यि एह खातिर भइल ह कि पवित्र शास्त्रके बात पूरा हो खे ।

7. यिशु धर्मशास्त्रके वचन पूरा होवेके परी कहेलाके मतलब कथी ह ?
   - परमेश्वर वहांके नवीद्वारा बहुत साल पहिले वहांके पुस्तकमे कहेवाला वचनसब पूरा होवेके परी कहके यिशु कहलन ।

मर्कुस १४:५० पद पढलजाइ

ए पर सब चेलालोग यिशुके छोडके भाग गइल लु ।

8. यिशुके चेलासब काहे भागगेल ?
   - चेलासब डरागइलरहे आ यिशु कथी कारणसे पक्राउ परगेला ऊ ना समझगइल ।
   - चेलन लोग ना समझेला बात इहे रहे कि यदि अगर यिशु पक्राउ परेला आ मारगेला तब वहां कइसन उद्धारकर्ता बनेला ।
   - चेलासब ना समझेला त इहे रके कि यदि यिशु स्वयम मरगेला तब वहां कइसन औकुनीसबके बचावेके सकलन स ।

9. यिशु के पक्राउ करेवाला आदमीसब यिशके केहां लेकर गइल ?

मर्कुस १४:५३-५४ पढलजाइ

फेर ऊ यिशुके महायाजकके लगे ले लइलन स । अउर सब महायाजक पुरनिया अउर शास्त्री उनकरा यहाँ एकठ्ठा हो गइले । पत्ररस दुरेदुरे पिछेछे महायाजकके अगना तक गइलन । अउर सिपाहीयनके साथे बइठके आगी तापे लगलन ।

- यिशुके पक्राउ करेवाला आदमीसब वहांके प्रधान पूरोहित केहां लेकर गइल ।
- पत्रस वाहांके लगे दूरसे पिछा कइल बाकी ऊ अद पक्राउ परेला या मारगइला कहके डरागेल ।
- जब यिशु प्रधान पूजारीकेहां लियाइल तब सब पूजारीसब आ यहुदी नेतासब यिशुके न्याय करेलाके निमित्ता वहां भेला भइल ।

मर्कुस १४:५५ पढलजाइ

महायजाक अउर सब महासभाके लोग यिशुके मार डालेके खातिर गवाहीके खोजमे रहेले । पर ना मिलल

10. यहुदी अगुवासब  काहे यिशुमे कउनो भि दोष फेला पारल ना सकेला ?

- काहेकि यिशु कउनो खराबि ना करलबानी ।

- काहेकि यिशु पाप ना करबानी ।
- अउरो आदमीसब यिशुके विरुद्धमे गवाही दअल लेकिन ओकुनीसबके गवाही झूठ रहेला

मर्कुस १४:५६-५९ पढलाजाइ

काहेकि बहुत लोग यिशुके विरोधमे झूठै गवाही देअत रहले । पर ऊ लोगके गवाही एक जइसन ना रहे । तब केतना लोग यिशुके विरोधमे झूठे गवाही देहलन । हमनी ककेकराके यि कह सुन लेह जा कि हमे ए मन्दिरके ढेर लगादेव अउर तीन दिनमे दोसर बनादेव । ए ना बोल रही । ए पर भि ऊ लोगके गवाही एक जइसन ना रहे ।

- यद्यपि बहुत साक्षीसब झूठ बयान यिशुके विरुद्धमे देदिअल त पर भि यहुदी अगुवासब यिशुके विरुद्धमे कउनो गलत प्रमाण जुटावेलाके ना सकतरनी ।
- परमेश्वर वहुत साल पहिले वहांके नवीद्वारा कहले जइसने उद्धारकर्ता विरुद्ध बहुत झूठ गवाही दिअलरहेला ।
- ओकराके बाद पूजारी उठलन  आ यिशुसंगे बात करलन ।

मर्कुस १४:६०-६२ पढलजाइ

तब महायाजक बीचमे खडा हो के यिशुसे पुछलन । तु कउन जवाफ नइखे दे यी लोग तोहरा विरोधमे का गवाही देता ।

बाकी यिशु चुपकी सधले रहेले अउर कुछो जवाफ ना देहलन । महायाजक उनकरासे फिर पुछलन । का तु व परमधनके बेटा मसिह होवे ऽ यिशु कहलन । हाँ हम है अउर तु हमराके परमेश्वरके दाहिनेओरि बइठल अउर आसमानमे बादरके साथे आवत दखव ।

- जब आदमीसब यिशुके विरुद्धमे झूठ गवाही दिहलरनी त वहां चुपचाप बैठल रहे आ कउनो प्रतिवाद ना कइल स ।

11. यिशु काहे जवाफ ना देलन ?
    - यिशुके पिता परमेश्वर वाहंके अगुवाइ करतरनी कहके थाहा रहे ।
    - जउन बात आपने उपर भइल रहे ऊ सब पिता परमेश्वर नियन्त्रण करतरनी कहके यिशुके थाहा रहे ।
12. ओकराके बाद प्रधानपुजारी यिशुसंगे बात कइल आ जब ऊ का वहां महिसा परमेश्वरके पुत्र बा कहके पुछलन त यिशु कथी जवाफ देलन स ?
    - यिशु हां हम हइ कहके जवाफ देलन ।
    - यिशु यी भि कहलन कि तुमनीसब आदमिके बेटाके परमेश्वरके दाहिनेओरि बैठल रहे आ बादलके स्वरगमे आइलरहे दिखेला कहलन ।

- जब यिशु पहिलबाच पृथ्वीमे आइलन स वहां उद्धारकर्ता परमेश्वरके रूपमे आदमी सबके बचावेलाके आइल ।
- जब यिशु पृथ्वीमे आएवाला रहे त ऊ बखत सब वहांके पिता परमेश्वरके दाहिनेओरि बैठल रहे दिखेला ।
- जब यिशु पृथ्वीमे फेर आइल त सब वहां परमेश्वर बा कहके देखेवाला रहे ।

13.जब प्रधानपूजारी यिशुके त सुनल त ऊ कथी करल ?

मर्कुस १४:६३-६४ पढलजाइ

तब महायाजक आपन कपडा फाडके कहलन । अब हमरा अउर गवाहके का काम बा । तोहर लोग यि सुनलह । तोहरा लोगके का राय बा । उ सब कहलन स । उ त वधके लायक बा ।

14.प्रधान पूजारी काहे आपन कपडा च्यातल ?

- जब यहुदियन लोग खिसियाइल त ऊ लोग अइसन हे आपन कपडा च्यातेला ।

15.प्रधान पूजारी काहे यिशुसँगे खिसियाइल ?

- काहेकि यिशु आपनके परमेश्वरके पुत्र बा कहेला ।

16.काहे प्राधान पुजारी यिशुके मारेके परी कहलन ?

- प्रधान पुजारी कहलन कि यिशु परमेश्वरके सराप दअलन रहे ।

17.का यिशु परमेश्वरके सराप दिअलन स ?

- ना ।
- यिशु त केवल वहां परमेश्वर हइ कहके कहलन रनी ।

मर्कुस १४:६५ पढलजाइ

तब केहु त यिशुपर थुके अउर केहुउनकर मह तोपे अउर उनकराके थप्पर मारे अउर कहे लगलन स । भविष्यवाणी कर । अउर सिपाहियन सब उनकराके थप्पर मरले ।

- परमेश्वर बहुत साल पहिले नवीद्वारा कहले जइसने उद्धारकर्ता पिटेला आ थुकेला ।
- प्रधानपुजारी आ यहुदियनके अगुवासब ओकराके बाद यिशु मारेके परी कहके वहांके निन्दा कइल ।